



Pou Piblikasyon Imedya: 04/08/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SELEBRE “FINISMAN” GIGAFACORY SOLARCITY

Etablisman Wot Teknoloji Dènnye Kri a Rete selon Orè ki Prewa a pou li Kòmanse nan Premye Trimès 2016

Pwojè an Sipoze Kreye Prèske 3,000 Travay Wot Teknoloji nan Western New York, epi 5,000 Travay nan Eta New York

Apeprè 450 Travay nan Konstriksyon Kreye Deja, epi yo Espere 1,500 Anplis pou Katryèm Trimès 2015

Gouvènè Andrew M. Cuomo patisipe jodia nan seremoni “finisman” nouvo GigaFactory nan SolarCity a ki mezire 1.2 milyon pye kare e ki pral fabrike pano solè nan sit RiverBend nan South Buffalo. Kòm yon pati nan seremoni an, Gouvènè a mete siyati li sou yon poto annasye ke yo te leve mete nan plas li sou tèt etablisman an kap devlope rapid rapid; bagay sa komemore etap enpòtan siyifikatif pou pwojè a ki te inogire depi sèlman 11 mwa. Pwojè a pral kreye prèske 3,000 travay nan Western New York epi yon total prèske 5,000 travay nan eta a. Etablisman SolarCity a pral etablisman ki pi gwo nan kategori li nan Emisfè Lwès la, avèk plis pase yon gigawat kapasite solè anyèl lè li rive nan pwodiksyon konplè li.

Enpak pwojè a sou ekonomi lokal la deja siyifikatif ak apeprè 450 travayè nan konstriksyon ki aktyèlman sou plas epi ak kantite ke yo espere kap ogmante prèske nan 1,500 nan sezon otòn nan. Travay nan konstriksyon yo nan zòn Buffalo Niagara rive nan yon nivo ki pi wo depi 1990.

Gouvènè Cuomo di “Jodia, Buffalo rive nan yon nivo siperyè. Nan kote ansyen ekonomi an te ye a, kote Republic Steel te konn kanpe, kounye a se yon bèl moniman pou lavni Buffalo ki drese. Kominote sa rebati aprè kondisyon difisil epi tan di, epi kounye a, alòske nouvo Riverbend ap fòme, li vin tounen yon modèl redemaraj nasyonal. Pwojè sa montre kè, ladrès ak abiltè ki fè ke Buffalo gran epi mwen fyè pou mwen mete mwen avè nou alòske nap vanse pou pi devan nan yon lavni ki pi bon pou Western New York.”

Ak “anndan ak deyò” etablisman an ki pratikman fini, yo pral talè konsa kòmanse pwosesis amenajman anndan an, ki enkli enstalasyon ekipman espesyalize pou

fabrikasyon pano solè. Lè li fini, yo atann yo ke Gigafactory a pwodwi apeprè 10,000 pano solè chak jou. SolarCity pral pwodwi teknoloji pano solè Triex a wot teknoloji ki pou Silevo, ki demontre yon konbinezon inik pwodiksyon a wot enèji ak pri ba. Epi jan yo te anonse li anvan, SolarCity pral kreye plis pase 1,450 travay fabrikasyon dirèk nan nouvo etablisman an, epi anplwaye plis pase 2,000 travayè adisyonèl nan eta a pou bay sèvis solè nan senk ane kap vini an. Etablisman an pral kreye plis pase 1,400 sipò pou fabrikasyon ak travay pou founisè sèvis anplis travay yok e SolarCity kreye dirèkteman.

PDG SolarCity a, Lyndon Rive, te deklare, “Gouvènè Cuomo, Enstiti Politeknik SUNY ak sitwayen yo nan Buffalo ap rantre nan listwa pou enèji pwòp jodia. Nou espesyalman gen rekonesans pou ekip konstriksyon yo ki travay san rete pou pèmèt nou fini etablisman fabrikasyon nou alè.”

Dr. Alain Kaloyeros, Prezidan epi Direktè Jeneral Enstiti Politeknik SUNY, te deklare, “Granmèsi vizyon ak lidèship Gouvènè Andrew Cuomo, ti bout rejyon a wot teknoloji New York la ki soti depi Albany rive Buffalo kontinye ap boujonnen epi fleri. Jodia nou temwen yon etap enpòtan non sèlman nan konstriksyon etablisman nivo mondyal sa men nan devlopman kontinyèl ekonomi 21^{yèm} syèk la nan rejyon sa epi nan eta sa. SUNY Poly fyè pou li patisipe nan yon inisyativ diy konsa Gouvènè a genyen epi li fyè pou li asosye li ak Solar City pou pèmèt investisman istorik ak kreyasyon travay epi favorize pozisyon Eta New York kòm yon lidè mondyal nan inovasyon epi nan teknoloji pou enèji renouvlab nouvel jenerasyon an.”

Howard Zemsky, Prezidan epi PDG Empire State Development te deklare, “Lè nou bati pi gwo faktori pano solè nan Emisfè Lwès la nap pran yon angajman ak endistri nouvel jenerasyon nan Western New York. Izin SolarCity a ranmase yon melanj ekonomik pwisan epi travay ke jefò sa kreye pral sipòte anpil milye fanmi nan rejyon an jis rive nan lavni.”

Manm Kongrè Brian Higgins te deklare, “Monte SolarCity arebò Buffalo River a reprezante nouvo Western New York la, ki anglobe rasin nou genyen nan fabrikasyon ak mak fabrik nou men ki fè li evolye pou satisfè demann ekonomi jodia. Depi plis pase santan, yo bay Buffalo ti non jwèt ‘Vil Limyè’ a kòm youn nan premye vil yo kap fè dlo vin tounen kouran. Kounye a, kòm baz sant fabrikasyon SolarCity, Buffalo ankò alatèt pwodiksyon kouran pwòp, kap fè enèji solèy la tounen opòtinite ekonomik.”

Senatè Tim Kennedy te deklare “Jodia mennen nou yon pa pi pre nan louvèti faktori SolarCity epi yon pa pi pre dè milye nouvo travay ki byen peye nan Western New York. Mwen fyè pou mete tèt mwen ak Gouvènè Cuomo, ki fè vizyon ak dedikasyon li pote SolarCity nan Buffalo, pandan nap drese poto final la nan travès bagay sa ki pral pi gran etablisman fabrikasyon pano solè nan Emisfè Lwès la. Tout bon vre, se yon gwo jou pou Western New York.”

Manm Asanble a Crystal Peoples-Stokes te deklare, “Seremoni jodia mete aksan sou yon etap enpòtan nan Inisyativ Investisman Buffalo Billion Gouvènè Cuomo a. Kèk ane de sa lè pwojè a te nan konstriksyon, okenn nan nou pa te ka imajine estrikti

enkwayab sa isit nan South Buffalo. Poto asye a kote Gouvènè Cuomo mete siyati li sèvi kòm yon senbòl pou sa li fè sou apwòch nan redemaraj Buffalo. Yo deja kreye travay yo nan konstriksyon etablisman an, men ositou nan kandida yo ke Depatman Travay la ap seleksyone. Mwen pa kapab tann pou mwen vizite anndan etablisman Solar City a ak Gouvènè Cuomo alòske lap kontinye fè bèl bagay nan Queen City.”

Chèf Konte Erie a, Mark Poloncarz, te deklare, “Jodia, nou pa sèl selebre finisman yon batiman, men yon sètèn fason simante yon fondasyon pou yon lavni pi bon pou tout moun. Nan lokasyon sa, moun abitye fòje asye nan dife epi kounye a yo pral fè pwodwi ki pral eksplwate enèji pou yon lòt kalite dife – solèy nou – pou kreye yon landemen pi bon pou tout moun. Alòske Solar City ap fòme epi transfòme yon sit pòs-endistriyèl an yon sant fabrikasyon pano solè kap pwospere, transfòmasyon Konte Erie a nan yon sant teknoloji pwòp epi natirèl vin pi klè. Mèsi a Gouvènè Cuomo epi tout moun ki fè jou sa vin tounen yon reyalite; lè nou travay ansanm nou kreye nan pwòp lakou lakay nou yon kominote nivo mondyal ki baze sou teknoloji dènnye kri.”

Mè Byron Brown te deklare, “Seremoni finisman jodia nan RiverBend se yon etap enpòtan ekstraòdinè. Nan mwens ke ennan, travay nan Solar City rantre nan yon liy dwat, lè li mansyone ke administrasyon li te jwenn pwopriyete sa pou Vil Buffalo nan ane 2008 pou 4.6 milyon dola, se te nan lide ke investisman valab sa ta kontribye nan renesans Vil nou. Anba lidèship Gouvènè Cuomo, reyalizasyon jodia kontinye elan pozitif lan kap rive kounye a nan Buffalo pandan nap kontinye revitalize tout vwazinaj nou yo epi amelyore pi plis lavi tout rezidan nou yo.”

Paul Brown, Prezidan Buffalo Building Trades Council, te deklare, “Sa se yon trè bon moman pou moun ki travay nan konstriksyon nan Western New York. Buffalo Billion Governor Cuomo a lakòz trepye byen wo epi kofraj metalik vin parèt plizyè kote, ki enkli SolarCity. Travay sa kontribye nan pwosperite a nap wè lè nou kreye travay pou 1,500 travayè konstriksyon.”

Louis Ciminelli, Prezidan ak PDG LPCiminelli, te deklare, “Nou trè fyè difèt nap dirije pwojè Solar City a kap fè vizyon Gouvènè Cuomo pou nouvo Buffalo a vin tounen reyalite. Mwen vle remèsye ekip nou ak tout soutretan ak atizan yo ki fè yon kokennchenn travay malgre kèk kondisyon difisil pou kenbe nou nan bon chemen pou reyalize etap enpòtan jounen jodia.”

GigaFactory SolarCity a pral lokalize nan Sant wot teknoloji pou Inovasyon Fabrikasyon Buffalo nan RiverBend, yon nouvo sit START-UP NY ke Enstiti Politeknik SUNY a posede. Depi RiverBend te premye inogire nan novanm 2013 pa Gouvènè Cuomo, Solar City te achte Silevo, youn nan premye lokatè esansyèl Riverbend ki deziyen epi li te pran yon kontra ak Eta a pou ogmante kapasite fabrikasyon etablisman a enèji pwòp la plis pase senk fwa lavalè. Silevo se yon konpayi ki devlope ak fabrike selil ak modil solè silikonn ki trè efikas.

SolarCity, ki pi gwo founisè enèji solè nan peyi a, pral depanse oswa bay garanti sou apeprè 5 bilyon dola sou dis lane kap vini an ankoneksyon avèk kreyasyon ak

fonksyònman etablisman nan New York, epi Eta New York la pral investi yon total 750 milyon dola atravè Buffalo Billion ak lòt resous eta pou etabli enfrastrikti, konstwi etablisman an ki mezire 1.2 milyon pye kare epi achte ekipman ki nesèsè. Envestisman eta a pral kalke modèl kite kreye nan Albany nan Kolèj Syans ak Jeni nan Nanoscale, kote, olye ke yo bay konpayi prive yo lajan dirèkteman, Eta a investi nan enfrastrikti debaz epi ekipman epi li itilize ekipman sa kòm rekonpans pou atire konpayi yo pou yo vin etabli nan nouvo etablisman a wot teknoloji sa yo. Faktori a pral sou entènèt e nan fabrikasyon a gwo volim byen bonè nan premye trimès ane 2016 la epi yo espere ke li atenn kapasite fonksyònman anplèn li nan premye trimès ane 2017.

Anba kondisyon kontra lwaye ki rele bati nan gou lokatè a ki fèt ant leta ak SolarCity, yo egzije konpayi an pou li reyalize pwen pa pwen bagay espesifik nan fonksyònman an pandan premye 10 an kontra lwaye a, ki enkli pou anplwaye yon sèten kantite travayè nan etablisman an epi nan Eta New York la nan peryòd tan ke yo espesifye ki vin aprè etablisman an fin bati. Yo egzije Konpayi an tou pou li depanse oswa bay garanti sou apeprè 5 bilyon dola nan lajan konbine, depans fonksyònman epi lòt kou nan Eta New York la pandan 10 ane ki vin aprè kapasite pwodiksyon anplèn an.

Nan mwa Jen, *Area Development*, yon piblikasyon nasyonal komèsyal ki kouvri sit selesyon ak planifikasyon etablisman, te chwazi pwojè devlopman SolarCity nan RiverBend kòm [Pwojè Devlopman Ekomomik ane 2014](#) nan Eta New York dapre revè a.

Devlopman pwojè a dirije pa LP Ciminelli kòm Jesyon Konstriksyon ansanm ak EYP, Achitèk Pwojè a; CHA, Enjenyè Sivil; epi M+W Group, Enjenyè Mekanik.

Desizyon SolarCity pou investi epi grandi nan Western New York vini pye pou pye ak deplizanpli bon jan nouvel ekonomik pou Buffalo ak rejyon Buffalo Western New York lan. Ogmantasyon travay nan zòn nan nan sis premye mwa 2015 lan grandi nan 1.7 pousan, prèske double to kwasans nan tout ane 2014 lan epi anplwa nan sektè prive a rive pi wo ke tout tan. Travay konstriksyon yo rive nan nivo ki pi wo yo depi ane 1990, sektè finans zòn nan ap grandi depi senk an epi ap anplwaye moun nan travay sèvis pwofesyonèl epi biznis rive pi wo depi 24 an. Rejyon an kouvri tout travay ki te pèdi nan Grann Resesyon an.

###

Nouvel anplis disponib nan sit entènèt www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418